

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa minangka mahluk sosial (*homo socius*), hartina moal leupas ti manusa séjén pikeun nyumponan pangabutuhna dina campur gaul di hiji masarakat. Ieu hal luyu jeung pamadegan Herimanto (2010, kc. 44) yén kodratna manusa salawasna hirup babarengan. Manusa téh mahluk nu dibéré akal jeung pikiran, ku ayana akal jeung pikiran manusa mampu nyiptakeun rupa-rupa karya minangka hasil budaya. Nya ieu pisan (boga akal jeung pikiran) nu nyababkeun yén manusa béda jeung mahluk sején.

Lantaran manusa miboga kamampuh daya, saperti akal, rasa, jeung pikiran téa, salah sahiji hasil kamampuh pikiran nu diciptakeun ku manusa nya éta kabudayaan.

Kabudayaan mangrupa kabiasaan hiji masarakat anu diwariskeun sacara turun tumurun ti generasi ka generasi. Numutkeun E.B Tylor (dina Rahmat, 2003, kc. 6) nétélakeun yén kabudayaan nya éta sakabéh pangaweruh, kapercayaan, kasenian, moral, hukum adat, jeung kabiasaan anu dipiboga sarta diwariskeun ku manusa salaku anggota masarakat nu tangtu.

Kabudayaan diwangun luyu jeung pangabutuh masarakat anu ahirna jadi adat-istiadat. Adat istiadat diwujudkeun ku salahsahijina dina wangun upacara tradisional. Demi kecap adat téh aya sababaraha harti, nu kahiji adat dina basa Arab disebut “*urf*” nya éta hiji hal anu dipikawanoh jeung diulang-ulang sarta jadi hiji kabiasaan di masarakat, anu mangrupa kekecapan atawa rupa-rupa kagiatan. Harti adat anu kadua nya éta kabiasaan anu sipatna *seremonial*, hartina upacara-upacara anu aya kaitanna jeung kapercayaan baheula, anu sok dihubungkeun jeung unsur tina rékaan jaman nu leuwih némbongkeun simbol-simbol masarakat golongan luhur, anu béda jeung kabiasaan-kabiasaan masarakat golongan handap anu basajan (*Ensiklopedia Sunda, 2000, kc. 14*).

Salah sahiji wangun adat-istiadat nya éta tradisi. Kiwari tradisi di tatar Sunda geus kurang dipikawanoh ku masarakat hususna para rumaja, lantaran kadéséh ku kamajuan téhnologi nu beuki lila beuki ngabelesat. Ku kituna pikeun ngungkulan

eta pasualan, para kokolot lembur miboga tarékah pikeun tetep ngariksa tradisi nu aya di sabudeureunana sangkan éta tradisi tetep hirup sarta tuluy ngariksa ngalaksanakeun éta tradisi.

Dina enas-enasna upacara adat téh mangrupa wujud interaksi antara manusa jeung Pangéranna, manusa jeung alamna, manusa jeung sabudeureunana, manusa jeung masarakat, sarta manusa jeung pribadina. Upacara adat Sunda nu biasa sok dilakonan ku masarakat Sunda réa pisan wanda jeung wangunna, sakumaha nu diébréhkeun ku Hasan Mustappa jeung Atik Soepandi dina Hufad (2005, kc. 130), nya éta:

1)Selamatan yang berkaitan dengan anak; 2) pernikahan; 3) selamatan sekitar usaha pertanian; 4) selamatan sekitar rumah atau tempat tinggal; 5) penolak bala atau malapetaka; 6) selamatan sekitar bulan dan hari-hari penting; 7) sekitar keinginan husus; 8) mencari kekayaan dunia; 9) (black magic)- santét- pélét; 10) perhitungan waktu (hari, bulan, weton); 11) kesukaan, kesenangan, hobi tertentu, dan 12) selamatan sekitar kematian.

Unggal sélér bangsa (wewengkon) mibanda tradisi sewang-séwangan anu ngabédakeun jati dirina jeung sélér bangsa séjénna. Sakumaha nu kaunggel dina paribasa Sunda *ciri sabumi cara sadésa*, yén ciri husus dina kabudayaan bisa katémbong dina kahirupan anu béda-béda, tapi bisa ogé masarakat nganut téma budaya anu husus (Koentjaraningrat, 1990, kc. 263). Loba pisan kabeungharan tradisi nu dipiboga ku masarakat Sunda, salasihijina tradisi nu aya di Kabupatén Kuningan. Kuningan minangka salah sahiji wewengkon anu aya di Jawa Barat anu miboga tradisi anu masih kénéh dilakukeun ku masarakat. Éta tradisi anu masih aya kénéh tur diriksa jeung diraksa téh nya éta upacara adat sedekah bumi.

Ieu upacara adat anu masih dilaksanakeun ku masarakat Désa Cibuntu ngabogaan maksud jeung tujuan pikeun muji sukur ka Allah SWT tina sagala hasil bumi nu geus dipaparinkeun, sarta paménta ti sakabéh patani sangkan bisa meunang hasil panén nu leuwih mucekil atawa cukul, ogé pikeun ngaraketkeun tali silaturahmi. Anapon harti sedekah bumi nya éta nyedekahan bumi anu hakékatna bumi minangka tempat hirup sakabéh mahluk. Ku kituna, manusa salaku khalifah di bumi kudu ngariksa tur ngado'a sangkan dibéré kasalametan jeung kabarokahan. Salian ti éta, panalungtikan anu diayakeun di Désa Cibuntu téh dipiharep boga

mangpaat pikeun ngadeudeul dina raraga ngamekarkeun kabudayaan. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep generasi ayeuna hususna para nonoman bisa leuwih wanoh, nyaah, sarta daék ngaraksa jeung ngariksa titinggal karuhunna.

Panalungtikan nu ngaguar perkara budaya téh kacida ngaleuyana, nu ngaguar budaya husus dina ulikan ajén sosial geus aya nu nalungtik, di antarana:

- 1) “Ajén Sosiologis dina Tradisi Upacara Adat Ngalaksa di Désa Rancakalong Kecamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” disusun ku Ikhsan Nugraha, taun 2007.
- 2) “Ajén Sosial dina Kasenian Surak Ibra pikeun Pangajaran Ngaregepkeun Kelas VIII” disusun ku Annisa Chairunnisa, taun 2011.
- 3) “Ajén Sosial dina Kasenian Jentreg di Kecamatan Rancakalong pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Pedaran Wanda Kasenian Daérah di SMP Kelas VIII” disusun ku Hernita Nurmilasari, taun 2009.
- 4) “Ajén Sosiologis dina Tradisi Ngunjungan di Désa Cilewo Kecamatan Telagasari Kabupatén Karawang” disusun ku Jaya Kusumah, 2007.
- 5) “Kajian Struktural jeung Ajén Sosial kana Rumpaka Lagu Pop Sunda Karya Doel Sumbang” disusun ku Rizky Prasasti Anwari, taun 2011.

Tina sawatara panalungtikan nu dilaksanakeun di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, kapanggih sasaran dina bentuk tradisi anu ditalungtikna, tapi objék anu ditalungtik dina ieu panalungtikan teu sarua. Ku kituna ieu panalungtikan téh perlu dilaksanakeun sangkan upacara adat sedekah bumi bisa dijaga jeung diriksa tur dipikawanoh ku masarakat utamana para nonoman salaku generasi nu jadi panangtu hirup huripna hiji tradisi. Salah sahiji cara pikeun ngawanohkeun upacara adat sedekah bumi nya éta ku cara pendidikan formal di sakola. Salian ti nepikeun informasi, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi pangdeudeul pikeun pangaweruh siswa, sangkan siswa apal tur wanoh kana upacara adat sedekah bumi, sarta kana ajén inajén anu nyangkaruk dina éta upacara.

Luyu jeung Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal (2013, kc. 51-52) SMA/SMK/MA/MAK kelas XII, ngeunaan maca artikel budaya aya dina Kompetensi Inti (KI) nya éta:

Memahami, menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural, dan metakognitif pada tingkat teknis, spesifik,

Dwika Zella Ocktaviani, 2017

STRUKTURALISME JEUNG AJÉN SOSIAL DINA UPACARA ADAT SEDEKAH BUMI DI DÉSA CIBUNTU KACAMATAN PASAWAHAN KABUPATEN KUNINGAN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

detil, dan kompleks berdasarkan rasa ingin tahunya tentang (a) ilmu pengetahuan, (b) teknologi, (c) seni, (d) budaya, dan (e) humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.

Sedengkeun Kompetensi Dasar (KD) nya éta menganalisis isi, struktur dan aspek kebahasaan teks artikel berbahasa Sunda.

Dumasar kana pedaran di luhur, utamana pikeun ngawewegan pangajaran, ieu panalungtikan dilaksanakeun tur dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Strukturalisme jeung Ajén Sosial dina Upacara Adat Sedekah Bumi di Desa Cibuntu Kecamatan Pasawahan Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA”.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan anu aya di luhur, aya sababaraha rumusan masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha asal muasal ayana upacara adat sedekah bumi di Désa Cibuntu?
- 2) Kumaha struktur atawa prak-prakan upacara adat sedekah bumi di Désa Cibuntu?
- 3) Ajén sosial naon waé anu nyangkaruk dina upacara adat sedekah bumi di Desa Cibuntu?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun pangajaran maca artikel di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung husus, saperti nu dipedar dina ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngariksa budaya nu aya di tatar sunda, hususdna ngeunaan upacara adat sedekah bumi di Désa Cibuntu Kecamatan Pasawahan Kabupatén Kuningan tur mikawanoh prak-prakan upacara

adat sedekah bumi sarta maluruh ajén-inajén nu nyangkaruk dina upacara adat sedekah bumi.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan nu hayang dihontal, nya éta pikeun:

- a. ngadéskripsikeun asal muasal upacara adat sedekah bumi;
- b. ngadéskripsikeun prak-prakan upacara adat sedekah bumi;
- c. ngadéskripsikeun ajén sosial nu nyangkaruk dina upacara adat sedekah bumi;
- d. larapna hasil analisis ajén sosial dina upacara adat sedekah bumi pikeun bahan pangajaran maca artikel kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh dibagi dua nya éta mangpaat anu sipatna tioritis tur mangpaat anu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, mangpaat tina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan tur ngeuyeuban kaweruh ngeunaan budaya Sunda, hususna ngeunaan upacara adat nu aya di sabudeureunana pikeun maluruh ajén sosial nu nyangkaruk dina upacara adat sedekah bumi di Désa Cibuntu Kecamatan Pasawahan Kabupatén Kuningan.

1.4.2 Mangpaat pikeun Kawijakan

Upacara adat sedekah bumi mangrupa salah sahiji warisan budaya Sunda anu masih aya kénéh di sabudeureun masarakat Cibuntu, tangtu geus jadi tanggung jawab pamaréntah ogé masarakat pikeun ngariksa sangkan ieu budaya tetep aya tur mekar. Salah sahijina ngaliwatan promosi nu dilakukeun ku pamaréntahan kabupatén Kuningan.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Sacara praktis anu dipiharep tina ieu panalungtikan dipiharep nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun siswa, bisa mikawanoh kabeungharan budaya Sunda, hususna upacara adat sedekah bumi.
- 2) Pikeun guru, hasil analisis dina upacara adat sedekah bumi bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.
- 3) Pikeun panalungtik, bisa mikanyaho élmu leuwih teleb ngeunaan ajén sosial anu nyangkaruk dina upacara adat sedekah bumi tur bisa jadi panghudang pikeun budaya tradisi.
- 4) Pikeun masarakat, bisa numuwuhkeun kareueus kana budaya Sunda nu aya di sabudeureunana tur bisa numuwuhkeun karep pikeun ngariksa budaya Sunda.

1.4.4 Mangpaat pikeun Isu sarta Aksi Sosial

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ka sakabéh pihak ngeunaan prak-prakan acara sarta ajén-inajén anu nyangkaruk dina upacara adat sedekah bumi di Désa Cibuntu Kecamatan Pasawahan Kabupatén Kuningan, sangkan jadi bahan pikeun lembaga formal atawa non formal dina ngawanohkeun kabudayaan anu aya di sabudeureunana.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu skripsi dibagi jadi lima bab, sakumaha anu diwincik dina ieu dihandap.

BAB I nya éta bubuka. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi mangpaat praktis jeung mangpaat teoritis, sarta raraga tulisan.

BAB II nya éta ulikan tiori. Dina ieu bab dipedar ngeunaan tiori ajén sosial, tiori kabudayaan, upacara adat sedekah bumi, tiori ngeunaan maca, bahan pangajaran, sarta pangajaran maca artikel di SMA kelas XII.

BAB III nya éta métode panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan lokasi géografis tempat panalungtikan jeung sumber data panalungtikan, desain

panalungtikan, métode panalungtikan, instrumen panalungtikan, jeung tehnik panalungtikan.

BAB IV nya éta hasil panalungtikan jeung pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan déskripsi ajén sosial dina upacara adat sedekah bumi, sarta larapna hasil panalungtikan upacara adat sedekah bumi dina panagajaran maca artikel di SMA kelas XII.

BAB V nya éta kacindekan jeung saran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan gurat badag tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun sarta saran nu nyusun pikeun lajuning laku kana panalungtikan saterusna.